

ANVIWONMAM VIVAN

Vandredi, 26 Janvye, 2007 - 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou sou liy ki anwo yo. Apre sa, ale nan dènye paj liv sa a, ki se fèy repons pou pati A ak B-1 an. Pliye dènye paj la sou liy twentye a epi detache fèy repons lan tou dousman, ak anpil prekosyon. Apre sa, bay enfòmasyon yo mande yo nan antèt fèy repons ou an.

Ou dwe reponn tout kesyon yo nan tout pati egzamen sa a. Ekri repons ou yo pou kesyon chwa miltip pou Pati A ak B-1 yo nan fèy repons ou te detache a. Ekri repons kesyon ki nan pati B-2, C, ak D yo direkteman nan liv egzamen an. Ou dwe sèvi ak plim pou reponn tout kesyon yo, sèvi ak kreyon sof pou ou trase graf oubyen pou ou fè desen. Ou gen dwa sèvi ak papye bouyon pou ou chèche repons kesyon yo, men ou dwe sonje ekri repons ou yo na fèy repons e nan liv egzamen an.

Lè ou fin pran egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki nan fèy repons separe an, deklarasyon sa a vle di ou pa t genyen kesyon ak repons a lavans anvan egzamen sa a e ke ou pa t jam bay oubyen pran pou l pou ou reponn oken kesyon pandan egzamen sa a. Yo pap pran fèy repons lan nan men w si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon aparèy komunikatif entèdi pandan egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an pap valab e ou pap jwenn nòt pou li.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEWWA SIYAL LA POU OUVRI LI.

Pati A

Reponn tout kesyon nan pati sa a. [30]

Eksplikasyon(1-30): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy papye separe a nimewo mo oubyen ekspresyon ki, pami tout sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon oubyen reponn kesyon an.

- 1 Lè yo te entwodwi koulèv bwa mawon yo pa aksidan nan Zile Guam nan, yo pat genyen predatè natirèl yo. Koulèv sa yo te chèche epi te manje anpil nan ze zwazo ki manje ensèk yo. Kisa k do fêt aprè yo fin entwodwi koulèv bwa mawon yo?

 - (1) Popilasyon zwazo yo te ogmante.
 - (2) Popilasyon ensèk yo te ogmante.
 - (3) Popilasyon zwazo a te kòmanse chèche yon lòt sous manje.
 - (4) Popilasyon ensèk la te kòmanse chèche yon lòt sous manje.

2 Kisa ki ta plis posib pase dechè ki genyen nitwojèn yo ki te fòme lè asid amine ki nan selil fwa mamifè yo dekonpoze?

 - (1) Anzim ki nan lestimak yo ap dijere yo
 - (2) Sistèm eliminasyon an ap retire yo.
 - (3) Selil san esspesyalize yo ap detwi yo.
 - (4) Mitokondri nan selil ki toupre yo ap absòbe yo.

3 Ki sekans ki reprezante lòd kòrèk òganizasyon nan òganis konplèks yo?

 - (1) tisi yo → ògàn yo → sistèm yo → selil yo
 - (2) ògàn yo → tisi yo → sistèm yo → selil yo
 - (3) sistèm yo → ògàn yo → selil yo → tisi yo
 - (4) selil yo → tisi yo → ògàn yo → sistèm yo

4 Ki òganèl ki byen fè yon pè ak fonksyon espesifik li?

 - (1) selil manbràn-kote yo kenbe enfòmasyon ereditè
 - (2) Klowoplas- transpò materyèl yo
 - (3) ribozòm-sentèz pwoteyin yo
 - (4) vakyòl-pwodiksyon ATF

5 Omeyostazi nan òganis ki genyen yon sèl selil yo depann sou bon fonksyonman

 - (1) òganèl yo
 - (2) ensilin
 - (3) selil gadyen yo
 - (4) antikò

6 Ki deklarasyon ki pi byen eksplike chanjman yo montre nan dyagram anba a?


Sachè glas
Anvan
Plim nwa
Apre


7 Apre yon popilasyon lapen rive nan kapasite kantite lapen li ka kenbe, popilasyon lapen an plis sanble li ka

 - (1) diminye, sèlman
 - (2) ogmante, sèlman
 - (3) ogmante sèten fwa epi diminye lòt fwa
 - (4) rete jan li ye a

8 Varyasyon nan pwojeniti òganis ki repwodwi seks-yèlman yo se rezulta dirèk

 - (1) klasman ak rekombinezon jèn yo
 - (2) replik ak klonaj
 - (3) bezwen pou adapte epi kenbe omeyostazi a
 - (4) pwodiksyon depase pwojeniti ak konpetisyon




- 9 Yon erè nan enfòmasyon jenetik ki nan yon selil kò yon mamifè ta sanble li plis kapab pwodwi
- (1) evolisyon rapid òganis kote yo jwenn selil la
 - (2) yon mitasyon ki ap afekte sentèz yon sèten pwoteyin nan selil la
 - (3) yon adaptasyon ki pral kontinye nan lòt kalite selil yo
 - (4) varyasyon ki ogmante nan kalite òganèl yo ki nan selil la
- 10 Ki pwosesis dyagram anba a montre?
- 
- (1) kwomatografi
(2) pwodiksyon dirèk
(3) meyòz
(4) manipilasyon jenetik
- 11 Ki deklarasyon ki genyen plis relasyon ak teyori modèn evolisyon an?
- (1) Repwodiksyon seksyèl pèmèt paran yo pase bay pwojeniti yo karakteristik yo pran pandan yap viv.
 - (2) Evolisyon se rezulta mitasyon yo ak rekonbinezon, sèlman.
 - (3) òganis ki adapte yo pi byen a chanjman yon anviwonman ta sanble pi kapab fè piti epi pase jèn yo bay pwojeniti yo.
 - (4) Repwodiksyon aseksyèl ogmante lavi espès yo.
- 12 Nan Lane 1993, te genyen 30 pantè sèlman nan Florida. Yo tout te fanmi pre epi anpil nan yo te genyen pwoblèm pou fè ptit. Pou evite dis-parisyon ak pou retabli lasante nan popilasyon an, byolojis yo te mennen 8 femèl pantè sòti Texas. Jodia, genyen plis pase 80 pantè nan Florida epi majorite endividyle yo genyen sistèm repwodiktif yo an sante. Siksè pwogram sa a te plis sanble posib akòz femèl yo te mennen yo
- (1) te pwodwi plis selil repwodiktif pase pantè mal yo nan Texas.
 - (2) te itilize metòd aseksyèl pou rezoud pwoblèm repwodiksyon espès yo.
 - (3) te ogmante varyablite jenetik popilasyon pantè a nan Florida
 - (4) te kwaze sèlman ak pantè ki sòti Texas
- 13 Li pwobab pou yo jwenn varyasyon jenetik ki pi piti a nan pwojeniti òganis ki repwodwi lè yo itilize
- (1) mitoz pou pwodwi yon popilasyon ki pi laj
 - (2) meyoz pou pwodwi gamèt yo
 - (3) fizyon ze ak espèm pou pwodwi zigòt yo
 - (4) fètilizasyon entèn pou pwodwi yon anbriyon
- 14 Mamout yo te vinn disparèt safè milye lane , alòske lòt espès mamifè yo ki te ekziste nan epòk sa a toujou la. Lòt espès mamifè sa yo plis sanble egziste jodi a paske, kontrèman ak mamout yo, yo
- (1) te bay pwojeniti ki te genyen menm karakteristik ereditè yo
 - (2) pat goumen pou yo te siviv
 - (3) te aprann vwayaje nan nouvo anviwonman yo.
 - (4) te genyen yon seri trè ereditè ki te pèmèt yo siviv
- 15 Eponj marin yo genyen yon katalis byolojik ki bloke yon etap nan separasyon kwomozòm yo. Ki pwosesis selilè katalis sa a ta afekte dirèkteman?
- (1) mitoz
 - (2) difizyon
 - (3) respirasyon
 - (4)fotosentèz

16 Yon pyebwa bay zoranj ki pa gen gress sèlman. Yon ti branch yo koupe nan pye zoranj sa a pouse rasin apre yo plante li nan tè. Lè li grandi, nouvo pye bwa sa a ap plis posib pwodwi

- (1) zoranj ki gen gress, sèlman
- (2) zoranj ki pa gen gress, sèlman
- (3) yon majorite zoranj ki gen gress epi sèlman kèk zoranj ki pa gen gress
- (4) zoranj ak lòt kalite fwi

17 Dyagram anba a reprezante sistèm repwodiktif yon moun.



Meyoz fèt nan strikti

- | | |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |

18 Ki deklarasyon sou developman ògàn anbryonik nan moun ki vre?

- (1) premye bagay ki ap afekte li se abitid manje ak sante jeneral papa a.
- (2) rejim ak sante jeneral manman an kapab afekte li.
- (3) Nenpòt medikamen manman an pran nan dezyèm mwa gwosès li pap afekte li
- (4) Kondisyon deyò anbriyon an pap afekte li


19 Eksperyans revele enfòmasyon ki swiv yo sou yon kalite molekil:

- li ka dekonpoze pou li fòme asid amine yo.
- Li ka dekonpoze pwoteyin yo pou fòme asid amine yo.
- Yo jwen li, konsantre anpil nan ti entesten moun.

Molekil sa a se plis sanble

- (1) yon anzim
- (2) yon konpoze inòganik
- (3) yon òmòn
- (4) yon antijèn

20 Dyagram anba a reprezante yon estrikti ki enplike nan respirasyon selilè.



Mitokondri

Flèch yo reprezante liberasyon ki sibstans?


- | | |
|-------------|-----------------|
| (1) glikoz | (3) gaz kabonik |
| (2) oksijèn | (4) ADN |

21 Syantifik yo chanje jenetikman yon virus komen pou li ka detwi timè sèvo ki pi mòtèl la san li pa domaje tisi an sante ki tou pre yo. Yo itilize teknoloji sa a pou tout sa ki anba yo, sòf

- (1) nan tretman maladi a
- (2) nan gerizon maladi a
- (3) nan kontwòl maladi a
- (4) nan dyagnostik maladi a

- 22 Anpil espès plant gen rapò ak fongis anba tè ki pa danjere. Fongis yo pèmèt plant yo pran yon seri mineral ki esansyèl epi plant yo bay fongis yo idrat kabòn ak lòt nitriyan. Sitiyasyon sa a dekri yon rapò ant yon
- (1) parazit ak plant ki nourit li a
 - (2) predatè ak pwa li
 - (3) nekwofaj ak dekonpozè li
 - (4) pwodiktè ak konsomatè li
- 23 Nan yon lanmè, kwasans ak sivivans alg, ti pwason, ak reken yo depann sou faktè abyotik tankou
- (1) limyè solèy, tanperati, ak mineral yo
 - (2) limyè solèy, pH, ak kalite alg la
 - (3) kantite dekonpozè yo, gaz kabonik, ak nitwojèn
 - (4) kantite èbivò yo, kabòn, ak manje
- 24 Yon jwè baskètbòl devlope vîtes ak fòs paske li fè anpil pratik. Li pap bay piti li kapasite atletik sa a paske
- (1) selil miskilè yo pa pote enfòmasyon jenetik
 - (2) Yo paka eritye mitasyon ki fêt nan selil kò yo
 - (3) gamèt yo pa pote tout seri enfòmasyon jenetic la
 - (4) Aktivite sa a pa afekte sekans baz yo nan ADN nan
- 25 Yo mete gaz kabonik ki genyen kabòn-14 la nan ekosistèm yon akwaryòm ki balanse. Apre plizyè semèn, kabòn-14 la ta plis sanble preznan nan
- (1) plant yo, sèlman
 - (2) bêt yo, sèlman
 - (3) toulède plant yo ak bêt yo
 - (4) pa ni nan plant yo pa ni nan bêt yo
- 26 Ki sitiyasyon ki se rezulta aktivite moun?
- (1) dekonpozisyon fèy nan yon forè fè tè a vinn pi fètîl
 - (2) asid lapli nan yon zòn touye pwason nan yon lak
 - (3) Siksesyon ekolojik apre aktivite volkan refòme yon ekosistèm
 - (4) Seleksyon natirèl nan yon zile chanje frekans jèn yo
- 27 Ki aktivite moun ki ta plis genyen yon efè negatif sou stabilite global?
- (1) diminye nivo polisyon dlo yo
 - (2) ogmante pwogram resiklaj yo
 - (3) diminye destriksyon anviwonman an
 - (4) ogmante kwasans popilasyon mondyal la
- 28 Ki pwosesis ki ede redwi rechhofman planèt la?
- (1) dekonpozisyon
 - (2) endistriyalizasyon
 - (3) fotosentèz
 - (4) boule

29 Ki fraz ki dwe ale nan bwat X nan òganigram anba a?



- (1) Ogmante chans kansè
 - (2) Ogmantasyon nan pwodiksyon gamèt fonksyonèl yo.
 - (3) Diminisyon nan varyablite jenetik pitit yo
 - (4) Diminye kantite manipilasyon jèn yo
- 30 Enfòmasyon ki nan tablo anba a endike prezans òmòn repwodiksyon espesifik nan echantyon san yo pran nan twa moun. Yon X nan kolòn òmòn nan indike yon tès laboratwa pozitif pou bon nivo nesesè pou fonksyonman repwodiktif nòmal nan moun sa a.

Tablo Enfòmasyon

Endividyèl yo	òmòn yo ki la		
	Testostewòn	Pwojestewòn	Estwojèn
1		X	X
2			X
3	X		

Ki pwosesis ki te ka fèt nan individi 3 a?

- (1) Pwodiksyon espèm, sèlman
 - (2) Pwodiksyon espèm ak pwodiksyon ze yo
 - (3) Pwodiksyon ze yo ak devlopman anbryonik
 - (4) Pwodiksyon ze yo, sèlman
-

Pati B-1


Reponn tout kesyon nan pati sa a. [10]

Eksplikasyon (31–40): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe a nimewo mo oubyen ekspresyon ki, pamí sa yo bay yo, pi byen komplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon yo.

31 Pandan li ap gade yon espesimèn anba yon mikwoskòp ki gen gwo pisans ak limyè konplèks, yon elèv wè espesimèn nan pa nan fokis. Ki pati nan mikwoskòp la elèv la dwe vire pou li ka genyen yon imaj klè anba gwo pisans?

- | | |
|--------------------|---------------------|
| (1) pyès pou je a | (3) bon ajisman |
| (2) ajisman kòs la | (4) pyès pou nen an |

32 Dyagram anba a montre konsantrasyon relatif molekil yo ki anndan ak deyò yon selil.




Ki deklarasyon ki pi byen dekri direksyon jeneral difizyon an nan tout manbràn selil sa a.

- (1) Glikoz t ap difize nan selil la.
- (2) Pwoteyin t ap difize deyò selil la.
- (3) Gaz kabonik t ap difize deyò selil la.
- (4) Oksijèn t ap difize anndan selil la.

33 Ki deklarasyon ki ta pi byen dekri ankèt syantifik?

- (1) Li inyore enfòmasyon ki sòti nan lòt sous.
- (2) Li pa pèmèt syantifik yo jije fyabilite sous yo.
- (3) Li pa dwe janm enplike desizyon etik sou aplikasyon konesans syantifik.
- (4) Li ka mennen nan eksplikasyon ki kombine enfòmasyon ak sa moun déjà konnen sou bagay ki ozalantou yo.


34 Dyagram anba a reprezante yon piramid enèji ki genyen pwodiktè yo ak konsomatè yo ansanm.



Yo jwen pi gwo kantite enèji ki disponib nan nivo


- | | |
|-------|-------|
| (1) 1 | (3) 3 |
| (2) 2 | (4) 4 |

- 35 Ki kantite dlo yo ta dwe retire nan silenn gradye
yo montre anba a pou yo ka kite 5milimèt dlo nan
silenn sa a?



- ### 36 Dyagram anba a reprezante yon rezò alimantè.


Anviwònman yon savann



De nan èbivò ke yo reprezante nan rezo alimantè sa a se.

- (1) krapo yo ak koulèv yo
 - (2) sèf ak sourit yo
 - (3) lou yo ak chat sovaj yo
 - (4) krikèt yo krapo yo


- 37 Konpoze yo ki genyen fosfò yo lage nan anviwaman an ka deranje ekosistèm nan paske fosfò aji tankou yon fètilizan. Graf anba a montre mezi konsantrasyon fosfò yo te pran pandan mwa Jen nan de kote sòti 1991 pou rive 1997.



Ki deklarasyon ki reprezante yon afimasyon valid
dapre enfòmasyon nan graf la?

- (1) Pat genyen okenn rediksyon nan kantite konpoze ki genyen fosfò yo te lage nan kote 2 a pandan peryòd 1991 pou rive 1997.
 - (2) Yo ka te mete kontwòl polisyon an operasyon nan kote 1 an nan lanne 1995.
 - (3) Te sanble pat genyen okenn plant ozalantou kote 2 a sòti 1993 pou rive 1994.
 - (4) Te genyen yon pi gran varyasyon nan konsantrasyon fosfò nan site 1 an pase te genyen nan site 2 a.

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 38 ak 39 yo. Dyagram nan montre yon pwosesis ki bay enèji nan òganis yo.




38 Odinèman, selil yo transfere enèji ki pwodwi a dirèkteman an

- | | |
|------------|--------------|
| (1) glikoz | (3) oksijèn |
| (2) ATF | (4) anzim yo |

39 Enèji ki bay nan pwosesis sa a te la deja nan

- (1) limyè solèy la epi li chanje an sik
- (2) limyè solèy la epi li chanje an oksijèn
- (3) oksijèn nan epi li chanje an sik
- (4) sik la epi li chanje an oksijèn

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 40 lan.



40 Resanblans nan zo ki gen lèt A a sou yo bay prèv

- (1) òrganis yo ka genyen menm zansèt
- (2) tout espès yo genyen yon kalite estrikti zo
- (3) selil yo nan zo yo genyen menm kalite mitasyon
- (4) Tout bêt geyen menm estrikti karakteristik.

Pati B-2

Reponn tout kesyon nan pati sa a [15]

*Eksplikasyon (41–55): Pou kesyon sa yo ki genyen kat repons ochwa yo ki vin apre yo, antoure *nimewo* chwa ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an. Pou tout lòt kesyon nan pati sa a, swiv direksyon yo bay nan kesyon an.*

Sèvi ak enfòmasyon yo bay anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 41 ak 42 yo.

**For Teacher
Use Only**

Yo te bay yon etidyan byoloji twa bokal ki pa make epi ki genyen dlo yo pran nan menm etan an. Chak ja yo genyen differan kalite òganis mobil ak yon sèl selil : eglèn, amib, ak paramesi. Sèl enfòmasyon etidyan an te genyen se amib la ak paramesi a, toulède, etewotwòf epi eglèn nan kapab etewotwofik oubyen ototwofik, selon anviwonman li.

- 41 Site yon fason de metòd nitrisyon eglèn yo bay yon avantaj sivi lòt òganis ak yon sèl selil yo pa genyen. [1]

41

- 42 Ki pwosedi epi rezulta obsèvasyon ki kapab ede idantifye bokal ki genyen eglèn nan?

- (1) Mete yon sèl bò chak bokal nan limyè. Apre 24 èd tan, sèlman nan bokal ki genyen eglèn nan w ap wè plis òganis sou bò ki nan lonbraj la.
- (2) Mete tout bò chak bokal nan limyè. Apre 48 èd tan, bokal ki genyen plis kantite gaz karonik ki fonn nan, se li k ap genyen eglèn nan.
- (3) Apre yon semèn, detèmine metòd repwodiksyon chak kalite òganis itilize. Si yo obsève divizyon selil mitotik la, bokal la ap genyen eglèn.
- (4) Prepare yon lamèl an douk mouye ki gen espesimèn yo pran nan chak bokal epi obsève chak lamèl yo nan limyè mikwoskòp konplèks. Sèlman eglèn nan kap genyen klowoplas ladan li.

42

Dekadans Popilasyon Somon an

Somon se yon pwason ki kouve nan rivyè epi ki naje ale nan oseyan kote mas kò yo ogmante. Lè yo vinn gran, yo retounen nan rivyè kote yo te kouve yo a epi yo naje sou dlo a pou fè ptit epi mouri. Lè popilasyon somon an gran, eleman nitritif ki retounen nan ekosistèm rivyè a ka anpil. Yo estime pandan pasaj somon yo nan Nòdwès Pasifik la nan lanne 1800 yo, 500 milyon liv somon te tounen vinn fè ptit yo epi mouri chak lanne. Rechèch yo estime nan Rivyè Colombie a sèlman, somon yo bay ekosistèm lokal la kèk santèn dè milye liv konpoze nitwojèn ak fosfò chak lane. Nan 100 lanne ki sòt pase yo, lapèch komèsyal nan oseyan an te retire de tyè somon anvan yo rive nan rivyè a chak lanne.

- 43 Identife pwoesis ki retire eleman nitritif nan kò somon ki mouri yo, ki fè eleman nitritif yo disponib pou lòt òganis nan ekosistèm nan. [1]

43

- 44 Identife yon òganis, apa somon, ki ka la oubyen toupre rivyè a, ki ta plis sanble li ta nan rezo alimantè ekosistèm rivyè a. [1]

44

- 45 Identife de eleman nitritif ki tounen nan ekosistèm nan lè somon an mouri. [1]

45

- 46 Site yon enpak, apa rediksyon popilasyon somon an, lapèch komèsyal nan oseyan an genyen sou ekosistèm rivyè a. [1]

46

Sèvi ak enfòmasyon epi ak tablo enfòmasyon anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 47 jiska 51 yo.

Byolojis te fè envestigasyon sou konsekans prezans yion aliminyòm genyen sou pye rasin yon varyete ble. Yo koupe 2mm seksyon nan pye rasin nan. Yo te mete mwatye nan pye rasin nan nan yon solisyon eleman nitritif ki genyen yion aliminyòm ladann, alòske yo mete lòt mwatye a nan yon solisyon eleman nitritif ki pa genyen yion aliminyòm ladann. Yo mezire longè pye rasin nan chak inèd tan pandan setèd tan. Yo montre rezulta yo nan tablo enfòmasyon anba a.

Tablo Enfòmasyon

Lè (hr)	Longè pye rasin yo nan yon solisyon ki genyen yion Aliminyòm ladann (mm)	Longè pye rasin yo nan yon solisyon ki pa genyen yion Aliminyòm ladann (mm)
0	2.0	2.0
1	2.1	2.2
2	2.2	2.4
3	2.4	2.8
4	2.6	2.9
5	2.7	3.2
6	2.8	3.7
7	2.8	3.9

Eksplikasyon (47–49): Pandan w ap sèvi ak enfòmasyon nan tablo enfòmasyon an, konstwi yon graf an liy sou kare ki *nan lòt paj la*, swiv eksplikasyon anba yo.

47 Mete yon echèl apwopriye sou chak aks ki make yo. [1]

48 Trase chema pye rasin ki nan solisyon ki genyen yion aliminyòm yo sou kare a. Antoure chak pwen ak yon ti sèk epi kole pwen yo. [1]


Egzanp: 

49 Trase Chema pye rasin ki nan solisyon ki pa genyen yion aliminyòm nan sou kare a. Antoure chak pwen ak yon ti tryang epi kole pwen yo. [1]

Egzanp: 

Kwasans pye rasin ble yo

Longè pye rasin yo (mm)



● = Pye rasin yo
nan yon solisyon
ki genyen yion
Aliminyòm ladann

▲ = Pye rasin yo nan
yon solisyon ki pa
genyen yion
Aliminyòm ladann

50 Yion aliminyòm yo te plis afekte

- (1) vitès fotosentetik la
- (2) inyon gamèt yo
- (3) divizyon selil mitotitk la
- (4) absòpsyon lanmidon ki soti nan tè a

47

48

49

50

51 Dekri efè yion aliminyòm yo sou kwasans pye rasin ble a. [1]

51

Sèvi ak enfòmasyon anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn késyon 52 ak 53 yo.

**For Teacher
Use Only**

Te gen yon letan nan Mòn Adirondack yo nan Eta New York kote yo te konn peche lontan moun te vizite anpil. Li te gran ak plizyè kawo tè, epi ou te konn we pechè nan bato byen souvan. Apre yon tan, etan an vinn pi piti nan lajè ak nan pwofondè. Kote ki te konn gen dlo yo kouvri kounye a ak zèb epi ti pyebwa. Ozalantou letan an genyen lat-anje ak plant ki leve nan tè mouye.

- 52 Identifie pwoesis ekologik ki responsab pou chanjman yo nan letan sa a. [1]

52

- 53 Fè yon prediksyon sou sa ki ta ka pase letan an nan 100 lòt lanne kap vini yo si pwoesis sa a kontinye. [1]

53

Sèvi ak deklarasyon anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn késyon 54 ak 55 yo.

Itiliszasyon gaz nikleyè ka genyen efè pozitif ak efè negatif sou yon ekosistèm.

- 54 Site *yon* efè pozitif sou yon ekosistèm lè yo itilize gaz nikleyè pou pwodwi elektrisite. [1]

54

- 55 Site *yon* efè negatif sou yon ekosistèm lè yo itilize gaz nikleyè pou pwodwi elektrisite. [1]

55

Pati C

Reponn tout kesyon yo nan pati sa a. [17]

Eksplikasyon(56-65): ekri repons ou yo nan espas yo bay nan ti liv ekzamen an.

Sèvi ak deklarasyon anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 56 ak 57 yo.

**For Teacher
Use Only**

Yo te itilize elvaj selektif pou ogmante abilite cheval yo nan kous.

- 56 Bay definisyon elvaj selektif epi di kijan yo t ap itilize li pou ogmante abilite cheval yo nan kous. [2]

56

- 57 Site *yon dezavantaj* elvaj selektif. [1]

57

- 58 Site *yon fason espesifik* retire pye bwa nan yon zòn te genyen yon enpak *negatif* sou anviwonman li. [1]

58

Yo te dekouvri plant itilize siyal chimik pou yo kominike. Kèk nan pwodwi chimik sa yo sòti nan fèy yo, fwi yo, ak flè yo epi jwe plizyè wòl nan devlopman, sivivans, ak ekspresyon jenetik plant la. Pa egzanp, fèy pye pwa yo ki anvayi ak mit zarenyen lage pwodwi chimik ki lakòz ogmantasyon rezistans mit zarenyen ki pa enfekte ki nan menm plant la ak defans ekspresyon jenetik nan pye pwa ozalantou ki pa enfekte yo.

Plant kapab kominike ak ensek tou. Pa egzanp, mayi, koton, ak tabak ki anba atak cheni yo lage siyal chimik ki an menm tan atire gèp parazit pou detwi cheni yo epi dekouraje papiyon vinn ponn ze yo sou plant yo.

- 59 Identife estrikti yo ki espesyalize nan manbràn selil la ki enplike nan komunikasyon. [1]

59

- 60 Eksplike poukisa pwodwi chimik yon espès plant lage ka pa genyen yon repons nan yon lòt kalite espès plant. [1]

60

- 61 Site *de* avantaj pou sèvi ak pwodwi chimik plant yo lage olye nou sèvi ak pwodwi chimik moun fè pou konbat ensèk. [2]

61

Sèvi ak enfòmayon ki anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 62 jiska 64 yo.

**For Teacher
Use Only**

Selil sistèm defans la ak sistèm andokrin nan nan kò moun patisipe nan kenbe omeyostaz la. Metòd ak materyèl yo de sistèm sa yo itilize pandan y ap ranpli wòl enpòtan sa a diferan.

- 62 Site *de* fason selil sistèm defans la konbat maladi. [2]

62

- 63 Idantife sibstans selil tout glann andokrin yo pwodwi ki ede kenbe omeyostaz la. [1]

63

- 64 Idantife *yon* pwodwi espesifik nan yonn nan glann andokrin yo epi di kijan li ede nan kenbe omeyostaz la. [1]

64

65 Yon plant genyen petal flè blan epi li nòmalman grandi nan tè ki prèske alkalen. Kèk fwa plant la bay flè ki gen petal wouj. Yon konpayi ki vann plant la vle konnen si pH tè a afektè koulè petal yo nan plant sa a. Monte yon eksperyans kontwole pou wè si pH tè a afekte koulè petal yo. Nan eksperyans w ap monte a, asire:

- Ou bay ipotèz ki ap teste nan eksperyans la [1]
- Ou bay *yon* fason ou pral trete gwoup kontwòl la diferan ak gwoup eksperimental la. [1]
- Ou idantifye de faktè ki dwe rete menm jan nan gwoup kontwol la ak gwoup eksperimental la. [1]
- Ou idantifye varyab depandan an nan eksperyans la [1]
- Ou bay *yon* rezulta eksperyans la ki ka kore ipotèz la [1]

**For Teacher
Use Only**

65

Pati D

Reponn tout kesyon nan pati sa a. [13]

Eksplikasyon (66-76): Pou kesyon ki genyen kat repons ochwa yo ki vin apre yo, sèke *nimewo* chwa ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an. Pou tout lòt kesyon nan pati sa a, swiv direksyon yo bay nan kesyon an.

Sèvi ak enfòmasyon ak tablo enfòmasyon anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 66 ak 67 yo.

De elèv kolekte enfòmasyon sou vitès batman kè yo pandan y ap fè yon seri aktivite.Yo montre rezulta mwayen yo nan tablo enfòmasyon anba a.

**For Teacher
Use Only**

Tablo Enfòmasyon

Aktivite	Vitès mwayèn batman kè (batman/ minit)
Chita dousman	70
Ap mache	98
Ap kouri	120

- 66 Bay relasyon ki genyen ant aktivite yo ak vitès batman kè yo. [1]

66



- 67 Bay *yon* fason yo te ka amelyore ankèt sa a. [1]

67



Sèvi ak enfòmasyon anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 68 jiska 71 yo.

**For Teacher
Use Only**

Pou demonstre teknik yo itilize nan analiz ADN, yo te bay yon elèv de bann papye ak echantyon ADN. Yo montre de echantyon ADN yo anba a.

Echantyon 1: ATTCCGGTAATCCCGTAATGCCGGATAATACTCCGGTAATATC

Echantyon 2: ATTCCGGTAATCCCGTAATGCCGGATAATACTCCGGTAATATC

Elèv la koupe ant C ak G an nan chak sekans CCGG yo ki nan pati fonse yo nan echantyon 1 an epi ant A yo nan chak sekans TAAT ki nan pati fonse nan echantyon 2 a. Yo ranje toude fragman yo sou yon papye modèl an jèl.

68 Aksyon ki molekil yo t ap montre lè yo te koupe echantyon ADN yo? [1]

68

69 Idantife teknik yo t ap demonstre lè yo te ranje fragman yo sou modèl jèl la. [1]

69

70 Rezulta kalite analiz ADN sa a itilize anpil fwa pou detèmine

- (1) kantite molekil ADN nan yon òganis
- (2) si de espès genyen relasyon pre
- (3) kantite molekil mARN ki genyen nan ADN
- (4) si de òganis genyen molekil idrat kabòn

70

71 Bay yon fason aranjman de echantyon yo sou model jèl la te ka diferan. [1]

71

Sèvi ak enfòmasyon anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 72 ak 73 yo.

**For Teacher
Use Only**

Nan zwazo yo, kapasite pou kraze epi manje gress genyen rapò ak gwosè, fòm ak epezè bék la. Zwazo ki genyen bék ki pi laj epi pi epè a pi byen adapte pou kraze epi ouvè gress ki pi laj yo.

Yon espès zwazo yo jwenn nan zile Galapagos yo se person mwayen an. Li pi fasil pou anpil person mwayen yo ranmase epi kase gress ki pi piti yo pase sa ki pi laj yo. Lè manje ra, yo remake kèk nan zwazo yo manje gress ki pi laj yo.

- 72 Dekri *yon* chanjman nan karakteristik bék yo ki plis sanble ta fèt nan popilasyon person mwayen an apre anpil jenerasyon lè *yon* chanjman nan anviwonman an lakòz yon rate pèmanan ti gress yo. [1]

72


- 73 Eksplike chanjman long sa a nan karakteristik bék yo pandan w ap ititlize konsèp:

- konpetisyon [1]
- sivivans sa ki pi anfòm nan [1]
- eritaj [1]

73

Sèvi ak enfòmasyon nan dyagram anba a epi ak konesans ou nan byoloji pou reponn kesyon 74 ak 75 yo. Dyagram nan reprezante kèk selil anba yon vit mikwoskòp avan ak apre yo mete yon sibstans sou vit la.

For Teacher
Use Only



- 74 Identife yon sibstans yo plis sanble li te ajoute sou lamèl la pou li bay chanjman yo obsève a. [1]

74

- 75 Dekri yon pwosedi yo te kapab itilize pou ajoute sibstans sa a nan selil yo sou lamèl la a san yo pa retire kouvèti ki sou li a. [1]

75

- 76 Nan yon laboratwa pou Difizyon Nan Manbràn,modèl manbràn selil yo te pèmèt kèk sibstans pase nan baz la dapre ki karakteristik sibstans pou difize a ?

- (1) gwosè
- (2) fòm
- (3) koulè
- (4) tanperati

76

ANVIWONMAM VIVAN**Vandredi, 26 Janvye, 2007 - 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman****FÈY REPONS**

Non Elèv la Sèks: Gason
 Non Pwofesè a
 Non Lekòl la Klas

 Fi

Part	Maximum Score	Student's Score
A	30	
B-1	10	
B-2	15	
C	17	
D	13	
Total Raw Score (maximum Raw Score: 85)		<input type="text"/>
Final Score (from conversion chart)		<input type="text"/>
Raters' Initials		
Rater 1 Rater 2		

Ekri repons pou kesyon ki nan Pati A ak B-1 an nan fèy repons sa a.**Pati A**

1	11.....	21.....
2	12.....	22.....
3	13.....	23.....
4	14.....	24.....
5	15.....	25.....
6	16.....	26.....
7	17.....	27.....
8	18.....	28.....
9	19.....	29.....
10	20.....	30.....

Pati B-1

31	36.....
32	37.....
33	38.....
34	39.....
35	40.....

Part B-1 Score**Part A Score****Ou dwe siyen deklarasyon anba a lè ou fini ak egzamen an.**

Mwen konfime, nan fen egzamen sa a, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

LIVING ENVIRONMENT

Koupe fèy papye sa a la a.

LIVING ENVIRONMENT

Koupe fèy papye sa a la a.